

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Média pilem pondok mangrupa média audio-visual wangun pilem. Pilem pondok ilaharna mibanda durasi maksimal 10 menit, ogé bisa leuwih pondok deui. Jadi aya lolongkrang waktu pikeun ngaguar matéri.

Masalah nu nyampak dina pangajaran paguneman nyaéta siswa kurang bisa nyangkem eusi paguneman dina wangun téks. Mangka, digunakeunnana ieu média sangkan siswa bisa leuwih gampang nyangkem eusi pagunemannana.

Bangbaluh di luhur leuwih karasa di kelas VIIC semester 1, sabab siswa masih kénéh kapangaruhan cara diajar di SD atawa sistem diajar ku guru kelas sedengkeun di SMP ku guru mata pelajaran, anu antukna nilai siswa kurang tina KKM.

Masalah di luhur ogé méré gambaran yén peunteun pangajaran basa Sunda dibagi 3 rupa, nya éta: (1) pangaweruh; (2) kaparigelan; jeung (3) sikep. Husus dina meunteun kaparigelan di SMP Negeri 14 Sukabumi acan kungsi ngagunakeun média pilem pondok.

Dina ieu skripsi digunakeun kuasi ékspérimén pikeun ngadéskripsikeun kamampuh nyangkem paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi, sarta digunakeun téknik tés anu mangrupa *pre-test* jeung *post-test*.

Dipilihna média pangajaran pilem pondok ku panulis dina ieu panalungtikan mibanda maksud yén ieu média pangajaran téh bisa ngirut pikeun dimekarkeun kana pangajaran ku sabab ieu média hiji cara jeung ngama'naan prosés pangajaran (ngaronjatkeun minat diajar siswa, matalikeun matéri jeung kahirupan sapopoé, jeung méré kasugemaan ka siswa sabada prosés diajar lumangsung)

Ku sabab kitu, panalungtik kairut pikeun ngalarapkeun pilem pondok minangka média pangajaran dina pangajaran paguneman. Ieu hal patali jeung minat diajar siswa ku sabab hasil évaluasi saméméhna kawilang kurang nyugemakeun. Pilem pondok mibanda kalungguhan pikeun nepikeun/maraktékkeun paguneman tanpa hahalang/bangbaluh ilaharna saperti siswa anu éra pikeun metakeun/nyontoannana. Siswa jadi panitén sangkan bisa

neuleuman eusi paguneman. Leuwih nyangkem deui naon anu saenyana ditepikeun dina éta téks paguneman, bangbaluh saacanna nyaéta kurang fokusna siswa dina maca téks paguneman anu panjang. Pikeun ngungkulannana mangka digunakeun média pilem pondok pikeun ngarojong pangajaran paguneman sangkan leuwih hadé tur ngirut siswana.

Aya sababaraha judul skripsi anu maluruh ngeunaan pilem minangka média pangajaran, saperti ieu di handap.

- a. “Pengaruh Media Film dalam Meningkatkan Hasil Belajar Peserta Didik Kelas V Pada Mata Pelajaran SKI di MIN 10 Bandar Lampung” anu ditalungtik ku Ira Agus Sofiana. Eusina nétélakeun yén pilem bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa sarta bisa ngirut minat siswa dina diajar. Bébédannana nyaéta dina ieu skripsi ngagunakeun wanda pilem anu béda, nyaéta pilem sacara jembar henteu spésifik saperti pilem pondok, sarta tujuannana jeung kelasna béda nyaéta pikeun ngaronjatkeun hasil diajar, sedengkeun panulis leuwih husus deui kana pangajaran paguneman basa Sunda nu aya di kelas VIIC SMP. Sasaruannana nyaéta maluruh pangaruh média pilem atawa audio-visual dina pangajaran di sakola.
- b. “Penggunaan Media Audio Visual untuk Meningkatkan Motivasi Belajar Mata Pelajaran IPS pada Siswa Kelas V di MI Al Falah Pagu Wates Kabupaten Kediri” nu ditalungtik ku Nissa Estika Zahrina. Eusina nétélakeun yén pilem (audio-visual) bisa ngaronjatkeun motivasi siswa sangkan leuwih getén deui dina diajarna. Bébédannana nyaéta média audio-visual wangun jembarna deui tina pilem tuluy pilem pondok, jadi audio-visual mah kawilang kurang spésifik. Sanajan kitu, masih kénéh aya patalina jeung pilem pondok anu mibanda unsur audio-visual nyaéta sora jeung gambar.

Hal di luhur dipatalikeun jeung mahabuna pagebug sasalad Covid 19, dina matéri paguneman di kelas VIIC dumasar hasil évaluasi saméméhna (hasil wawancara) nétélakeun siswa hésé paham kana eusi téks paguneman anu konvensional. Ku kituna panulis ngarasa perlu ngayakeun ieu panalungtikan, anu dijudulan “Pengaruh Média Pilem Pondok Pikeun Pangajaran Paguneman (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi)”.

Dangiang Rael Andanawari, 2022

PANGARUH MÉDIA PILEM PONDOK PIKEUN PANGAJARAN PAGUNEMAN (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIIC SMP NEGERI 14 SUKABUMI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, masalah anu baris ditalungtik ku panulis dirumuskeun maké kalimah-kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas VIIC SMPN 14 Sukabumi dina maham eusi paguneman saméméh prosés pangajaran ngagunakeun média pilem pondok?
- b. Kumaha kamampuh siswa kelas VIIC SMPN 14 Sukabumi dina maham eusi paguneman sabada prosés pangajaran ngagunakeun média pilem pondok?
- c. Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh siswa nyangkem paguneman saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem pondok?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sabada medar kasang tukang masalah jeung rumusan masalah, aya dua udagan dina ieu panalungtikan, nyaéta udagan umum jeung husus saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun nguji hasil pangajaran siswa dina nyangkem eusi paguneman ngagunakeun média pilem pondok.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh siswa kelas VIIC SMPN 14 Sukabumi dina maham eusi paguneman saméméh prosés pangajaran ngagunakeun média pilem pondok;
- b. kamampuh siswa kelas VIIC SMPN 14 Sukabumi dina maham eusi paguneman sabada prosés pangajaran ngagunakeun média pilem pondok; jeung
- c. aya bédana antara sabada jeung saméméh ngagunakeun média pilem pondok.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan diwilah jadi dua, mangpaat téoritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa némbongkeun yén ngagunakeun pilem pondok bisa ngaronjatkeun minat diajar siswa kelas VIIC SMP utamana dina matéri paguneman, bisa dilarapkeun sacara tuluy-tumuluy sangkan mangpaat ka dunya atikan hususna dina pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Pikeun panalungtik, neuleuman deui kabasaan dina naskah pilem pondok anu rék ditepikeun ka siswa ogé bisa jadi pangaweruh anu satuluyna digunakeun di lapangan;
- b. Pikeun masarakat utamana guru-guru, ngaédukasi kréativitas dina nyieun média-média pangajaran anu bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswana; jeung
- c. Pikeun mahasiswa/pelajar, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi cukang lantaran ogé sakaligus élmu anu bisa diguar leuwih teleb deui.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan baris dipidangkeun dina wangun skripsi anu disusun jadi lima bab, anu eusina saperti ieu di handap.

BAB I: bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, wangenan operasional, ogé raraga tulisan.

BAB II: ulikan pustaka, ngawengku konsép-konsép, tiori, média pangajaran, jeung rumus-rumus anu aya patalina jeung masalah panalungtikan. Lian ti éta, midangkeun ogé panalungtikan saméméhna anu saluyu jeung widang anu ditalungtik, raraga mikir jeung hipotésis panalungtikan.

BAB III: métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, populasi jeung sampel, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

BAB IV: medar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran, ngawengku dua hal nyaéta ngolah hasil jeung nganalisis data anu luyu jeung rumusan masalah, ogé medar ngeunaan hasil panalungtikan pikeun ngajawab rumusan masalah.

Dangiang Rael Andanawari, 2022

PANGARUH MÉDIA PILEM PONDOK PIKEUN PANGAJARAN PAGUNEMAN (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIIC SMP NEGERI 14 SUKABUMI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB V: kacindekan, implikasi, jeung saran, anu ngawengku tapsiran jeung prosés méré ma'na panalungtik ngeunaan hasil analisis.